

Kòman pou w Dokimante ke w se Pwopriyetè epi ke w Prezan nan Kay la pou FEMA

Release Date: Jan 10, 2023

Nan kad pwosesis asistans dezans la, FEMA dwe detèmine pwopriyetè epi ke moun nan abite nan rezidans prensipal ki andomaje a. FEMA te rann li fasil pou sivivan dezans nan konte Charleston, Georgetown ak Horry ki te sibi pèt nan Siklòn lan pou verifye pwopriyete oswa prezans.

Pwopriyetè ak lokatè dwe pwouve ke yo te okipe rezidans prensipal ki andomaje a avan pou yo resevwa Asistans Lojman ak kèlke Lòt tip Bezwen Asistans. Kounye a FEMA aksepte yon gwo latriye dokiman.

Pwopriyete

Pwopriyetè yo gendwa bay dokiman ofisyèl tankou:

- Ak notarye oswa fidisyè orijinal pwopriyete a
- Yon relve ipotèk oswa analiz sekès
- Resi taks oswa fakti taks pwopriyete a
- Sètifika oswa tit pwopriyete

Anplis, FEMA pral aksepte kounyea yon lèt piblik ofisyèl oswa yon resi pou reparasyon majè oswa amelyorasyon. Deklarasyon piblik ofisyèl la (eg., chèf polis, majistra, mèt pòs) dwe genyen non kandida a, adrès rezidans ke dezans andomaje a, peryòd ou te viv nan kay la ansanm ak non ak nimewo telefòn ofisyèl k ap verifye a.

Sivivan ki genyen pwopriyete ke yo eritye, mezon mobil oswa remòk vwayaj ki pa genyen dokiman pwopriyete tradisyonèl gendwa sètifye pou tèt yo antanke dènye rekou.



FEMA

Page 1 of 3

Pwopriyetè kay ki gen menm adrès lè te gen yon dezas ki fèt anvan sèlman bezwen verifye ke yo se pwopriyetè yon sèl fwa. FEMA te ogmante tou dat dokiman kalifye yo apati twa mwa rive yon ane avan dezas la.

Prezans nan Kay la

Pwopriyetè kay oswa lokatè dwe dokimante ke y ap viv nan kay la ki moman dezas la.

Kandida yo gendwa bay dokiman ofisyèl ke yo nan kay la, tankou:

- Fakti sèvis piblik, relve bank oswa kat kredi, fakti telefòn, elatriye.
- Deklarasyon travay ou a
- Kontra lokasyon alekri.
- Resi lokasyon
- Deklarasyon ofisyèl piblik

FEMA aksepte kounye a anrejistreman veyikil a motè, lèt lekòl lokal (piblik oswa prive), founisè avantaj federal oswa eta, òganizasyon sèvis sosyal oswa dokiman tribinal.

Kandida yo gendwa itilize tou yon deklarasyon siyen yon pwopriyetè mezon komèsyal oswa mobil, oswa otosètifikasyon pou yon mezon mobil oswa remòk vwayajè.

Si sivanvan yo te reyisi verifye ke yo prezan nan kay la pou FEMA apati yon dezas ki te fèt anvan nan yon peryòd dezan, yo p ap bezwen fè sa ankò.

Kandida nan Kawolin di Sid ki bezwen asistans legal gratis anrapò ak dokiman pwopriyetè kay yo epi ki pa gen mwayen pou peye yon avoka gendwa Lind Ijans Disaste Legal Aid la nan **877 797-2227, Ekst.120**, oswa rele ling Kawolin di Sid la nan **803-576-3815** pou mande asistans. Ling Ijans lan disponib soti **9è a.m. rive 5è p.m. lendi a vandredi** epi moun k ap rele yo ka kite yon mesaj nenpòt lè.

Sivivan lan yo gendwa kontakte tou Sèvis Legal Kawolin di Sid nan **888-346-5592** soti **9è a.m. rive 6è p.m. soti lendi rive jedi** oswa soumèt yon demann pou sèvis legal dezas www.lawhelp.org/sc/online.



FEMA

Page 2 of 3

Pou aplike pou asistans dezas FEMA, ale sou entènèt sou [DisasterAssistance.gov](https://www.fema.gov/disaster-assistance), sèvi ak [applikasyon FEMA](#) pou telefòn entèlijan oswa rele 800-621-3362. Èd disponib nan pifò lang. Si w ap itilize yon sèvis relè, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a.



FEMA

Page 3 of 3